



Aprè Yon Dyagnostik Kansè nan Ovè



Kansè ki kòmanse nan yon ovè yo rele kansè nan ovè. Ovè yo se glann yo jwenn kay fi ki pwodwi ovil ak òmòn. Kansè nan ovè ka kòmanse tou nan twonp falop yo ki konekte ovè yo ak matris la (iteris). Si yo te di w gen kansè nan ovè, ou te pwobableman deja fè analiz san, eskanè ak yon byopsi (yon tès ki pran kèk tisi pou verifye prezans kansè). Gen lòt tès ki te ka fèt sou selil kansè yo pou verifye kèk pwoteyin ak chanjman jèn ke yo rele byomakè. Ou te ka fè lòt pwosedi tou pou w konnen si kansè a te pwopaje. Tès sa yo ede doktè w konnen ki tip kansè ovè ou genyen, ki stad li ye, ak ki tretman ki ta ka ede.

Tretman pou kansè nan ovè

Tretman w lan pral depann de tip ak stad kansè nan ovè w lan. Opsyon tretman w yo pral depann tou de rezilta tès sou selil kansè yo, sante w, ak preferans pèsonèl ou yo.

Yo itilize chiriji pou trete pifò kansè nan ovè. Sa souvan enplike retire ovè yo ak matris la. Chiriji pou retire ovè yo rele yon ovarietyktomi. Chiriji pou retire matris la rele isterektomi.

Lòt tretman pou kansè nan ovè ka gen ladan medikaman tankou chimyoterapi, terapi sible, terapi òmòn, ak radyasyon. Ou ka bezwen plis pase yon tip tretman. Doktè w pral ede w deside ki tretman ki pi bon pou ou.

Chiriji ak kèk lòt tretman ka lakòz chanjman nan peryòd règ ou. Règ ou ka sispann, menm si ou poko fè menopoz. Tretman sa yo kapab afekte kapasite w genyen pou w ansent, men ka gen fason pou w pwoteje sa. Li enpòtan pou pale ak doktè w byen bonè, anvan tretman an lan kòmanse. Li ka ede w konprann a kisa pou w atann.

Asire w ke w mande:

- Ki tip kansè nan ovè mwen genyen?
- Ki stad kansè ovè an ye, e kisa sa vle di?
- Èske m ap bezwen plis tès?
- Ki objektif tretman an?
- Ki tretman ou panse ki pi bon pou mwen?
- Èske m ap bezwen fè chiriji? Èske yo pral retire ovè mwen yo ak iteris la?

A kisa pou m atann mwen anvan ak pandan tretman an

Ekip swen kansè w la pral eksplike w plan tretman w lan. Ekip sa a ka gen ladan diferan doktè, enfimyè, ak lòt pwofesyonèl swen sante, tou depann de tip tretman ou bezwen an. Pa egzanp, si w bezwen chiriji, ou pral travay avèk yon chirijyen. Yo pral di w ak kisa pou w atann ou anvan, pandan, ak apre chiriji an. Si w bezwen lòt tip tretman, doktè w oswa ekip swen kansè w pral eksplike kijan yo bay li, ede w prepare pou li, swiv kijan w ye, epi ede w ak nenpòt efè segondè. Ou ka gen pou fè tès tou nan kèk moman pou verifye efikasite tretman w lan.

Se pa tout moun k ap fè tretman pou kansè nan ovè ki pral gen menm efè segondè yo. Pa egzanp, yon moun ka fè yon chiriji pou l retire youn oubyen toulède ovè yo tou depann de kote kansè a sitiye. Efè segondè chiriji sa diferan de efè segondè chimyoterapi, radyasyon, terapi medikaman sible, oswa terapi òmòn. Epi moun kap resevwa menm tretman yo ka gen efè segondè diferan.

Asire w ke w mande:

- Ki efè segondè mwen ka genyen, e ki sa mwen ka fè pou m evite yo?
- Kijan n ap fè konnen si tretman mache?
- Konbyen fwa m pral resevwa tretman? Konbyen tan li pral dire?
- Ki kote m ap jwenn tretman mwen an? Èske m ap ka kondwi pou kont mwen?
- Èske m ap kapab kontinye fè aktivite m konn fè yo, tankou travay ak egzèsis?
- Èske m ap kapab fè timoun apre tretman an?
- Èske tretman an pral afekte vi seksyèl mwen? Si se sa, kijan ak pou konbyen tan? Kisa mwen ka fè pou m ede nan sa?
- Èske gen nenpòt esè klinik ki ta ka bon pou mwen?

A kisa pou m atann mwen apre tretman an

Apre tretman, mande doktè kansè w yon rezime tretman ak yon plan swivi. Yo rele sa yon plan swen sivi. Doktè kansè w pral travay avèk medsen fanmi w oswa medsen tretan w pou ede jere efè segondè tretman an epi kontwole sante jeneral ou. Ou pral gen pou fè tès regilye pou verifye si kansè w lan retounen, oswa pou verifye si yon nouvo kansè kòmanse nan yon lòt pati nan kò w.

Ou ka fè fas ak chanjman nan kò w apre tretman. Si ou te gen règ anvan chiriji an, ou pral sispann genyen yo apre yo fin retire matris ou. Kapasite w pou w vin ansent ap chanje, tou. Tretman an kapab fè vajen w sèk tou. Sa ka lakòz senyen oswa doulè pandan oswa apre sèks. Mande doktè w a kisa pou atann ou epi fè li konnen si ou gen nenpòt pwoblèm.

Moun ki te gen kansè nan ovè yo a risk pou yo genyen li ankò oswa fè lòt tip kansè. Menm lè ou santi w byen apre ou fin fè tretman, li enpòtan pou mande ekip swen kansè w la yon kalandriye regilye pou fè tès swivi pou verifye si kansè nan ovè ou an retounen.

Pou kèk moun, kansè a ka pa disparèt konplètman. Yo ka kontinye resevwa tretman, epi tès yo pral toujou nesè pou verifye efikasite li.

Asire w ke w mande:

- Ki kote mwen ka jwenn yon kopi rezime tretman mwen an ak yon plan swivi?
- Konbyen fwa map gen pou m wè ekip swen kansè mwen an?
- Kilè ak kijan mwen ta dwe kontakte yo?
- Èske m ap bezwen fè tès pou m wè si kansè m nan retounen, oswa pou m verifye si gen pwoblèm nan tretman m ap pran an?
- Èske m ap bezwen fè tès depistaj, tankou yon mamogram oswa kolonoskopi, pou dekouvri lòt kansè byen bonè?
- Èske gen efè segondè ki rive an reta oswa alontèm ke m ta dwe siveye?
- Ki kote mwen ka jwenn dosye medikal mwen an apre tretman?



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit Entènèt Sosyete Kansè Ameriken (American Cancer Society) nan cancer.org/haitiancreole oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.

Rete an sante

Asire w ke ou di doktè w oswa ekip swen kansè a si nenpòt efè segondè tretman pa ale oswa si ou gen nenpòt nouvo sentòm.

Gen bagay ou ka fè pou w rete an sante pandan ak apre tretman an. Lè w genyen epi kenbe yon gwozè nòmal, manje byen, rete aktif, e lè w evite bwè alkòl, sa ka ede w rete an sante epi redwi risk pou w fè lòt kansè.

Kansè nan ovè ka ereditè. Pafwa tès jenetik ka fèt pou konnen si ou gen yon tip ki ka eridite. Pale ak ekip swen kansè w pou chèche konnen si tès jenetik bon pou ou.

Jere emosyon w yo

Lè w gen kansè nan ovè, sa ka fè w santi w pè, tris, oswa strese. Li nòmal pou w santi emosyon sa yo, e gen fason pou ede w fè fas ak yo.

- Pa eseye jere emosyon w yo pou kont ou. Pale de yo, kèlkeswa sa yo ye.
- Li NÒMAL pou santi w tris oswa deprime detanzantan, men fè ekip swen kansè w la konnen si w santi emosyon sa yo pandan plis pase kèk jou.
- Si doktè w di w sa NÒMAL, kontinye fè bagay ou renmen fè tankou pase tan deyò, ale nan sinema oswa evènman espòtif, oswa ale nan dine.
- Jwenn èd nan aktivite tankou fè manje ak netwaye.

Ou ka kontakte zanmi, fanmi, oswa lidè relijye oswa gwoup. Konsèy kapab ede tou. Gen kèk moun ki twouve sa itil pou pale ak lòt moun ki te pase pa menm eprèy yo. Yon gwoup sipò ka ofri sa. Di ekip swen kansè w lan kijan ou santi w. Yo ka ede w jwenn bon sipò.